

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar perkara (1) désain panalungtikan; (2) téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku sumber data jeung instrumén panalungtikeun; (3) analisis data; sarta (4) isu étik.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh kagolong kana jenis panalungtikan kualitatif anu ngagunakeun métode déskriptif tur tilikan évaluatif. Pedaran ngeunaan panalungtikan kualitatif, métode déskriptif katut tilikan évaluatif bakal dipedar ieu di handap.

Bogdan jeung Taylor (tina Tanzeh, 2011 kc. 64) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif dina wangun kekecapan, boh sacara tinulis boh lisan tina sagala nu diimeutanana. Maanen (tina Merriam, 2009 kc. 13) ogé kungsi ngébréhkeun yén

“Qualitative research is an umbrella term covering an array of interpretive techniques which seek to describe, decode, translate, and otherwise come to terms with the meaning, not the frequency of certain more or less naturally occurring phenomena in the social world”


Panalungtikan kualitatif mangrupa hiji istilah ‘payung’ anu ngawengku téhnik interpretasi dina ngadéskripsikeun, nafsirkeun kodeu, narjamahkeun, jeung maham ma’na (lain frékuensi) tina rupa-rupa kajadian ilmiah nu aya di dunya sosial.

Panalungtikan kualitatif ilaharna ngagunakeun métode déskriptif dina ngagambarkeun hasilna daripada ngagunakeun data nu bisa dianalisis sacara statistik (Burton tina Peraturan Rektor UPI, 2019 kc. 32). Ku kituna métode déskriptif dipilih dina ieu panalungtikan. Métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan nu fungsina pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan hiji hal nu kapanggih salila prosés panalungtikan (Arikunto, 2014 kc. 234), sarta pikeun maluruh gejala-gejala, unsur-unsur, ciri-ciri, jeung sipat-sipat hiji hal ku jalan ngumpulkeun, nganalisis, jeung ngainterprétasi data (Hardani, spk., 2020 kc. 54).

Ari tilikan (kajian) évaluatif mangrupa hiji désain jeung prosedur évaluasi dina ngumpulkeun jeung nganalisis data sacara sistematik pikeun nangtukeun nilai atawa mangpaat tina hiji prakték (Sukmadinata, 2010 kc. 120). Dina tilikan évaluatif aya sawatara sarat-sarat nu kudu ditedunan saperti kritéria, tolak ukur atawa standar anu digunakeun salaku alat pembanding. Data anu dicangking saterusna bakal diluyukeun jeung kritéria atawa standar anu geus ditetepkeun minangka alat évaluasina (Arikunto, 2014 kc. 37).

Cindekna, métode déskriptif kualitatif téh mangrupa métode ngumpulkeun, nganalisis jeung ngolah data ku cara ngadéskripsikeun tur nafsirkeun ma'na tina subjék nu ditalungtik. Kitu ogé dina ieu panalungtikan, data nu dikumpulkeun tina sumber data baris dianalisis dumasar kana kritéria nu geus ditetepkeun ku BSNP. Kritéria nu dimekarkeun tina BSNP téh mangrupa bahan pikeun lumangsungna kgiatan (tilikan) évaluatif. Satuluyuna éta data téh didéskripsikeun. Ari data anu bakal didéskripsikeunana nyaéta kelayakan eusi buku téks PBS anu ngawengku relévansi matéri, pidangan matéri, ambahan matéri katut alat évaluasi.

Léngkah nu dilakukeun sanggeus netepkeun pamarekan jeung métode panalungtikan nyaéta nyusun rarancang (désain) panalungtikan. Désain panalungtikan mangrupa rarancang anu nuduhkeun rupa-rupa kgiatan hal anu rék dilakukeun dina panalungtikan pikeun ngajawab sakumna patalékan nu geus ditangtukeun (Arikunto, 2006 kc. 175). Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Sukardi (2013, kc. 68) anu nyebutkeun yén désain panalungtikan nyaéta wincikan prosés panalungtikan nu rék dilakukeun ku panalungtik dina ngaréngsékeun pasualan. Cindekna, désain panalungtikan téh jadi hal anu penting dina ngalaksanakeun panalungtikan sangkan léngkah nu rék dipigawéna puguh tur bisa ngaréngsékeun pasualan panalungtikan. Désain panalungtikan ébréh dina ieu gambar di handap.



Gambar 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik dokuméntasi atawa analisis eusi. Dokumen mangrupa rékaman kajadian anu ditulis atawa dicetak dina wangun buku, surat, catetan anekdotal (Satori & Komariah, 2009 kc. 147), tulisan, gambar atawa karya-karya monumental (Sugiyono, 2017 kc. 240). Ari téhnik dokuméntasi nyaéta cara ngumpulkeun data nu patali jeung variabel dina wangun catetan, transkrip, surat kabar, buku, prasasti, lengger, notulén rapat, agenda, jsb (Arikunto, 2014 kc. 274).

Hardani, spk., (2020, kc. 72) nepikeun kamandangna yén téhnik dokuméntasi (*content or document analysis*) ditujukeun pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis dokumén-dokumén resmi, dokumén nu tingkat validasi jeung kaabsahanana geus kajamin, saperti dokumén perundangan, hasil-hasil panalungtikan jeung buku-buku téks boh nu sifatna tioritis boh nu émpiris. Tujuanana pikeun mikanyaho eusi, kalungguhan, kualitas jeung patalina antar konsep, program, kagiatan nu nyampak.

Cindekna, nu disebut téhnik dokuméntasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta prosés ngumpulkeun data tina sumber data nu wujudna buku téks - buku téks *Panganteur Basa Sunda* – pikeun mikanyaho kumaha eusi (kualitas) jeung patalina antar konsep katut program nu aya dina jero éta buku.




Sacara praktis, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku

- 1) Nangtukeun jeung nyiapkeun sumber data, nyaéta buku téks *Panganteur Basa Sunda pikeun Murid SD/MI*;
- 2) Maca jeung maluruh data nu rék ditalungtik;
- 3) nyéklis data dumasar kana instrumén jeung variabel nu geus ditangtukeun; sarta
- 4) nyatet jeung nyalin data nu kapaluruh kana padoman dokumentasi (Kaelan, 2010 kc. 149-153).

3.2.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku téks *Panganteur Basa Sunda* (PBS) pikeun murid SD/MI Kelas Luhur (IV, V, jeung VI) anu medal di awal taun 2020. Idéntitas buku anu jadi sumber data bisa ditingali tina tabél ieu di handap.

TabéI 3.1
Idéntitas Buku Téks PBS salaku Sumber Data

Idéntitas Buku 1 (Sumber Data 1)	Idéntitas Buku 2 (Sumber Data 2)	Idéntitas Buku 3 (Sumber Data 3)
Cover:  IV	Cover:  V	Cover:  VI
Judul Buku: Panganteur Basa Sunda pikeun Murid SD/MI Kelas IV	Judul Buku: Panganteur Basa Sunda pikeun Murid SD/MI Kelas V	Judul Buku: Panganteur Basa Sunda pikeun Murid SD/MI Kelas VI
Panyusun: 1) Wahyu 2) Akum Suharno 3) Yasinta Suryati 4) Rohayani 5) Yeti Yuningsih 6) Sakeus Darman	Panyusun: 1) Yeti Yuningsih 2) Sakeus Darman 3) Akum Suharno 4) Yasinta Suryati 5) Rohayani 6) Wahyu	Panyusun: 1) Yeti Yuningsih 2) Akum Suharno 3) Yasinta Suryati 4) Rohayani 5) Wahyu 6) Sakeus Darman
Editor: Riyan Wahyudi	Editor: Riyan Wahyudi	Editor: Riyan Wahyudi
Pamedal: PT. Kanisius	Pamedal: PT. Kanisius	Pamedal: PT. Kanisius
Cetakan: Kahiji	Cetakan: Kahiji	Cetakan: Kahiji
Taun Medal: Mei, 2020	Taun medal: Mei, 2020	Taun medal: Mei, 2020
Alamat Pamedal: Jl. Cempaka 9, Deresan, Caturenunggal, Depok – Sleman-Yogyakarta	Alamat Pamedal: Jl. Cempaka 9, Deresan, Caturenunggal, Depok – Sleman-Yogyakarta	Alamat Pamedal: Jl. Cempaka 9, Deresan, Caturenunggal, Depok – Sleman-Yogyakarta
Lobana Kaca: 136 kaca	Lobana Kaca: 142 kaca	Lobana Kaca: 144 kaca

Data mangrupa bahan atah nu perlu diolah pikeun ngahasilkeun hiji informasi, boh sifatna kualitatif boh kuantitatif (Riduwan & Akdon, 2010 kc 106). Ari jenis data dina ieu panalungtikan téh nyaéta data kualitatif. Fraenkel, Wallen, & Hyun, (2011, kc. 427) nyebutkeun yén “*Qualitative data are collected in the form of words or pictures rather than numbers.*” data kualitatif nyaéta data anu dikumpulkeun dina wangunna kecap-kecap, gambar, tur lain angka.

Sacara gurat badagna, anu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta mirupa wangun kecap, kalimah tur wacana nu aya dina buku téks *Panganteur Basa Sunda pikeun SD* kelas luhur anu jumlahnya aya 22 unit téma (kompetensi dasar) kalayan wincikan 8 unit téma di kelas IV, 8 unit téma di kelas V, jeung 6 unit téma di kelas VI.. Sacara husus data dina ieu panalungtikan téh mangrupa matéri-matéri, rupa-rupa wangun penugasan jeung pelatihan, katut pituduh kagiatan (rambu-rambu intruksional). Wincikan data nu digunakeun dina ieu panalungtukan téh nyaéta:

- 1) Matéri-matéri nu aya dina unit 1 nepi unit 8 (husus kelas VI nepi ka unit 6) pikeun dipaluruh tingkat rélevansina jeung kompetensi dasar bahasa Sunda kurikulum 2013 revisi 2017;
- 2) Matéri-matéri nu aya dina unit 1 nepi unit 8 (husus kelas VI nepi ka unit 6) pikeun dipetakeun dumasar kana pidangan/kajembaran matérina (faktual, konsép, prinsip jeung prosedur) sarta ambahana eusi matéri nu ngawengku matéri afektif, kognitif jeung psikomor tur lega henteuna matéri;
- 3) Rambu-rambu intruksional nu digunakeun dina soal-soal latihan jeung penugasan pikeun nangtukeun tingkat rélevansi alat évaluasi jeung indikator tur kompetensi dasar basa Sunda.

3.2.2 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina prosés ngumpulkeun jeung nganalisis data téh nyaéta daftar cocok atawa céklis jeung pedoman dokuméntasi. Trianto (2011, kc. 268) nétélakeun yén dina panalungtikan anu ngagunakeun téhnik dokuméntasi aya dua instrumén anu bisa digunakeun pikeun nganalisis datana nyaéta daftar cocok (céklis) jeung pedoman dokuméntasi. Ari bédana padoman dokuméntasi jeung daftar céklis téh di antarana tina insténsitas kagiatan panalungtik dina ngulik data nu ditaliti. Dina pedoman dokuméntasi panalungtik cukup

ngawuwuhkeun tanda centang wungkul dina data nu kapaluruh, ari dina *checklist* mah panalungtik méré skala atawa skor (Cooper, N., spk., 2002, kc. 492).

3.2.2.1 Daftar Cocok / Céklis

Daftar cocok atawa céklis nyaéta daftar instrumén anu eusina subjék jeung aspék-aspék nu dijadikeun tatapakan jeung babandingan ka objék nu rék ditalungtik sangkan panalungtik bisa maluruh sakur kajadian atawa data nu dianggap penting (Hermawan, 2017 kc. 6).

Dina méré poin kana buku nu dianalisis, panalungtik nangtukeun padoman nilai penpoinna dina unggal indikatorna. Ari indikator anu digunakeun pikeun nganalisis kelayakan eusina ngawengku rélévansi poko matéri, pidangan matéri, ambahan matéri katut alat évaluasi kalayan nyoko kana pedoman BSNP.

Instrumén céklis anu digunakeun pikeun maluruh tingkat rélévansi poko bahasan jeung KD katut témania ébréh tina tabél ieu di handap.

Tabé1 3.2

Format Céklis Rélevansi Poko Bahasan

Unit	Materi Poko	Komponen Rélevansi	Kategori			Déskripsi	Poin	Poin Ahir
			R	KR	TR			
		Téma						
		KD						
		Indikator						

Keterangan:

- Kategori
 - R = Rélévan
 - KR = Kurang Rélévan
 - TR = Teu Rélévan
- Poin
 - pikeun komponen rélevansi téma jeung kompetensi dasar
 - 4 = saupamana rélevan
 - 2 = saupama kurang rélevan
 - 0 = saupamana teu rélevan
 - Pikeun komponen rélevansi indikator
 - 4 = 76 – 100%
 - 3 = 51 – 75%
 - 2 = 26 – 50%
 - 1 = 1 – 25%

➤ Poin Akhir/Tafsiran:

- 4 = alus pisan
- 3 = alus
- 2 = cukup
- 1 = kurang

Instrumén céklis anu digunakeun pikeun maluruh pidangan matéri nu aya dina buku téks, ébréh tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3

Format Céklis Pidangan Matéri

Unit	KD	Komponen	Cat		Cat			Déskripsi	Poin ahir
			A	H	L	KL	TL		
		Faktual							
		Konsép							
		Prinsip							
		Prosedural							

Keterangan:

Cat = Catetan

A = Aya

H = Henteu

Kat = Kategori

L = Lengkep (Saupama komponén pidangan matéri kabéh aya)

KL = Kurang Lengkep (saupama komponén nu nyampak ngan 3)

TL = Teu Lengkep (saupama komponén nu nyampak ukur 1 atawa 2)

Dina nantukeun poin, kritéria anu digunakeun saperti ieu di handap.

4 = sakabéh komponen matéri nyangkaruk dina buku téks.

3 = aya tilu komponen matéri nu nyangkaruk dina buku téks.

2 = aya dua komponen matéri nu nyangkaruk dina buku téks.

1 = aya hiji komponen matéri nu nyangkaruk dina buku téks.

Instrumén céklis anu digunakeun pikeun maluruh ambahan eusi matéri nu aya dina buku téks, ébréh tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.4

Format Céklis Ambahan Eusi

Unit	KD	Aspék Ambahan	Kat			Cat		Déskripsi	Poin
			C	K	Lw	Lg	Jr		
		Kognitif							
		Psikomotor							

Keterangan:

Kat = Keterangan
 C = Aya
 K = Kurang
 Lw = Leuwih
 Cat = Catetan
 Lg = Lega
 Jr = Jero

Dina nangtukeun poin, kritéria anu digunakeun saperti ieu di handap.

- 3 = pidangan matéri kognitif jeung psikomotorna cukup.
- 2 = salah sahiji pidangan matéri kognitif atawa psikomotorna cukup jeung kurang atawa leuwih.
- 1 = pidangan matéri kognitif jeung psikomotorna kurang atawa leuwih.

Instrumén céklis anu digunakeun pikeun maluruh ambahan eusi matéri nu aya dina buku téks, ébréh tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Format Céklis Kasaluyuan Alat Évaluasi jeung Kompeténsi Dasar

Unit	Indikator	Rambu-rambu Pangajaran	Alat Évaluasi	Cat			Poin
				R	KR	TR	

Keterangan:

- Catetan:
 - R = Rélévan
 - KR = Kurang Rélévan
 - TR = Teu Rélévan
- Poin
 - 4 = saupamana réleven
 - 2 = saupama kurang réleven
 - 0 = saupamana teu réleven
- Poin Akhir:
 - 4 = Luyu Pisan.
 - 3 = Luyu.
 - 2 = Kurang Luyu
 - 1 = Teu Luyu

3.2.2.2 Pedoman Dokuméntasi

Pedoman dokuméntasi mangrupa rarancang gurat badag atawa kategori nu rék ditéangan datana (Trianto, 2011 kc. 268). Pedoman dokuméntasi ogé disusun pikeun tujuan ngawincik sakur data nu diperlukeun dina panalungtikan sangkan datana lengkep tur euweuh nu kaliwat (Afriani, 2013 kc. 36). Dina ieu panalungtikna, pedoman dokuméntasi anu digunakeun pikeun ngukur rélevansi matéri poko jeung KD, ébréh tina tabél-tabél ieu di handap.

Tabél 3.6

Pedoman Dokuméntasi Rélevansi Matéri Poko jeung Téma tur KD

Téma	KD	Matéri Poko	Tk Relevansi Materi jeung Téma			Tk Relevansi Materi jeung KD		
			R	KR	TR	R	KR	TR

Kategori:

R = réleven

KR = kurang réleven

TR = teu réleven

Tabél 3.7

Pedoman Dokuméntasi Rélevansi Matéri Poko jeung Indikator

Unit	Indikator	Matéri	Kategori		
			R	KR	TR

Kategori:

R = réleven

KR = kurang réleven

TR = teu réleven

Pedoman dokuméntasi nu digunakeun dina format pidangan matéri, ébréh tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.8

Pedoman Dokuméntasi Pidangan Matéri

Unit	KD	Pidangan Matéri			
		F	K	Pi	Po

Keterangan:

- F = Faktual
- K = Konsép
- Pi = Prinsip
- Po = Prosedural

Pedoman dokuméntasi nu digunakeun dina format ambahan eusi matéri, ébréh tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.9

Pedoman Dokuméntasi Ambahan Eusi Matéri

KELAS	UNIT	TEMA	AMBAHAN MATERI		Catetan Matéri	
			Kognitif	Psikomotor	Lega	Jero

Pedoman dokuméntasi nu digunakeun dina format kasaluyuan alat évaluasi jeung KD, ébréh tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.10

Pedoman Dokuméntasi Kasaluyuan Alat Évaluasi jeung KD

Unit	Kompetensi Dasar	Alat Evaluasi		
		Latihan (Kognitif)	Penugasan (Psikomotor)	Penilaian Diri (Afektif)

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan, saterusna dipaluruuh kualitasna ku cara jugment ahli anu miboga kasangtukang kaahlian dina widang pangajaran katut évaluasina nyaéta Bapa Dingding Haerudin katut Bapa Usep Kuswari.

Sanggeus éta instrumén lengkep jeung kapaluruuh kualitasna, saterusna anu dilakukeun nyaéta ngitung persentase poin ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$Skor\% = \frac{Jumlah Skor tina Unggal Indikator}{Jumlah Skor Maksimal Unggal Indikator} \times 100\%$$

Poin anu kapaluruh satuluyna dikategorikeun kana palanggeran anu dikaluarkeun ku BNSP saperti ieu di handap (BSNP tina Pujiastuti, 2015 kc. 43).

Tabéл 3.11
Kategori Penilaian

Persentase Poin	Katégori
≤ 20	Kurang pisan
$20 < \text{nilai} \leq 40$	Kurang
$40 < \text{nilai} \leq 60$	Cukup
$60 < \text{nilai} \leq 80$	Alus
$80 < \text{nilai} \leq 100$	Alus pisan

3.3 Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan anu dilakukeun sanggeus data kakumpulkeun. Miles jeung Huberman (tina Sugiyono, 2017 kc. 246) ngawincik léngkah-léngkah nu dilakukeun dina analisis data ngawengku kana tilu tahap nyaéta (1) réduksi data (*Data Reduction*), (2) midangkeun data (*Data Display*), jeung nangtukeun kacindekan (*Conclution Drawing/Verification*).

Réduksi data dihartikeun minangka tahap ngolah data nu dikumpulkeun. Kagiatanana ngawengku ngimeutan sakumna data hasil pengumpulan data nu satuluyna dipilah dumasar kana kategorina (Bungin, 2015 kc. 70). Ari display data mangrupa prosés ngolah hasil reduksi data kalawan midangkeun data kana wangun anu tangtu, saperti midangkeun kana wangun tabéл, bagan, matrik, pedaran singget, hubungan antar kategori jeung wangun séjcnna (Sugiyono, 2017 kc. 249). Pamungkas tahap nangtukeun kacindekan dumasar kana display data. Kacindekan tina panalungtikan kualitatif téh dipiharep mangrupa timuan anyar anu wujudna bisa mirupa déskripsi kana objék nu remeng-remeng kénéh atawa mirupa tiori, hubungan sabab-akibat tur ngabuktikeun hipotésis.

Dumasar kana tilu léngkah di luhur bisa dicindekkeun yén dina panalungtikan déskriptif kualitatif mungkin waé rumusan masalah téh geus bisa kajawab saméméh dilakukeun analisis data, mungkin ogé sanggeus nganalisis data. Tapi papadaning kitu, kacindekan tina panalungtikan kualitatif téh diperedih bisa mangrupa hal / timuan anyar nu can kapanggih saméméhna (Yuliani, 2019 kc. 88).

Léngkah-léngkah analisis data dina ieu panalungtikan nyoko kana pamanggih ahli di luhur, saperti

- 1) maluruh deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) milih jeung milah data luyu jeung indikatorna kana wangu tabél pedoman dokumentasi jeung daftar cocok (*checklist*);
- 3) méré poin dumasar kana instrumén jeung indikator penilaian buku téks anu ngawengku aspék rélévansi matéri, pidangan, ambahan matéri tur alat évaluasi;
- 4) ngadéskripsikeun data ngeunaan aspék rélévansi matéri, pidangan matéri, ambahan matéri katut alat évaluasi;
- 5) Nyieun kacindekan pikeun ngajawab rumusan masalah nu geus ditetepkeun.

3.4 Isu Étik

Prosés ngajén atawa nganilai buku téks téh saéstuna dilakukeun ku tim ahli anu ditunjuk boh ku pamaréntah pusat (BSNP & Puskurbuk) boh ku pamaréntah daerah (Dinas Pendidikan Provinsi). Kitu deui jeung buku téks basa Sunda. Dumasar kana Permendiknas nomor 2 Taun 2008 ngeunaan Buku, dina Bab III Penilaian Buku Téks pasal 4 poin (3) disebutkeun yén penilaian buku téks muatan lokal mah dinilai ku Disdik Prov Jabar kalayan nyoko kana aturan ti BSNP.

Najan idéalna prosés ngajén buku téks téh dilakukeun ku lembaga, tapi dina ieu hal panalungtik boga kapanasaran pikeun ngabedah jeung nganalisis eusi buku téks PBS. Tujuan utamana mah lain keur meunteun layak henteuna, tapi keur mikanyaho kumaha kualitas buku téks PBS, utamana dina hal kelayakan eusi.

Ari anu jadi alesan ayana kapanasaran téh di antarana waé (1) ieu buku téh dipaké dina prosés pangajaran di sakola dasar jeung sumebar di masarakat; (2) buku PBS mangrupa buku anu disusun ku para praktisi (guru) tur medalna kawilang anyar kénéh; sarta (3) ieu buku téh can kapaluruh aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtik nyoba nerapkeun tiori jeung instrumén analisis buku téks pikeun mikanyaho kualitas buku PBS jeung ngukur cumpon-henteuna indikator kelayakan eusi anu ngawengku kalengkepan (rélevansi buku téks RDBS jeung KIKD), pidangan matéri, ambahan matéri jeung alat évaluasi dumasar kana Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017.

Pamungkas, panalungtik boga harepan yén hasil tina ieu panalungtikan bisa méré mangpaat anu hadé pikeun kamajuan dunya atikan, utamana pikeun nu maca jeung guru dina milih jeung ngagunakeun buku téks pikeun pangajaran. Lian ti éta, bisa ogé dijadikeun tatapakan atawa babandingan keur panalungtikan saterusna nu patali jeung analisis buku téks séjénna.